

Kisa kap pase si gad legal pitit mwen an chanje, oswa pitit mwen pap viv avèk paran ki gadyen legal la?

Si gen yon chanjman nan sikonstans yo, tankou timoun nan pap viv ankò avèk paran ki gadyen legal la, wap bezwen pou depoze yon petisyon modifikasyon nan tribinal famiyal opli vit ke posib.

Kisa kap pase si mwen manke yon peman?

Pwogram sipò timoun nan kontwole dat peman ak lè li peye. Lè yo manke yon peman oswa li anreta, kont vin an soufrans, li refere tou tankou “aryere.” Lè yon kont vin an soufrans li deklanche yon varyete mezi ranfòsman otomatik enkli sispan yon lisans chofè, sezi ranbousman taks ou ak/ oswa kont labank, rapòte dèt nan ajans kredi yo, refize paspò, ak lòt aksyon. Li nan pi bon enterè w pou asire ke ou peye atan e okonplè.

Kijan mwen ka kontwole kont mwen?

Ou ka jwenn enfòmasyon sou kont ou sou entènèt nan childsupport.ny.gov oswa nan telefòn lè ou rele 888-208-4485 (TTY 866-875-9975). Li nan pi bon enterè w pou tcheke kont ou regilyèman pou asire ke ou resevwa peman w atan e okonplè. Ou bezwen yon nimewo idantifikasyon pèsònèl (PIN) pou ka gen aksè a enfòmasyon ki sou sitwèb la.

Kijan pou m genyen nimewo idantifikasyon pèsònèl la (PIN)?

Pou mande yon PIN, rele liy èd sipò timoun nan oswa voye yon lèt siyen ki gen non w, nimewo sekirite sosyal ou, nimewo kont (yo), ak adrès nan:

ATANSYON: PIN

New York State Child Support Processing Center
PO Box 15365
Albany, NY 12212-5365

childsupport.ny.gov
888-208-4485 (TTY 866-875-9975)



Office of Temporary and Disability Assistance

otda.ny.gov

Pub-4944 HA (Rev. 08/15)

Sipòte pitit ou Finansyèman ak Emosyonèlman



Reyalite sou Sipò Timoun pou
Paran ki pa gadyen legal yo

Poukisa sipò timon enpòtan?

Sipò Timoun se yon obligasyon tribinal òdone pou sipòte bezwen finansye yon timoun. Ou ka bezwen pou bay pwoteksyon asirans sante pou pitit ou pou ede asire ke pitit ou gen aksè a swen sante. Anplis, tribinal la ka ajoute yon kantite lajan pou kouvri depans pou swen ak edikasyon timoun nan. Menmsi ou pa abite avèk pitit ou, timoun nan toujou bezwen w nan lavi l. Pa kite pwoblèm ou genyen avèk lòt paran an fè w sispann peye.

Poukisa mwen ta dwe peye sipò pou pitit mwen?

Timoun yo depann sou sipò toulède paran yo. Edike yon timoun koute chè, e toulède paran yo ta dwe pataje depans pou peye pou bagay timoun nan bezwen, alafwa kounye a ak nan lavni. Lè ou peye sipò pou timoun ou, ou ka bay timoun nan opòtinite pou l reyisi.

Èske gen yon koneksyon ant peman sipò pou timoun ak vizit avèk pitit mwen?

Non. Peye sipò pou timoun ak vizit avèk pitit ou se kesyon ki separe yo ye. Ou pa ka sispann peye sipò pou timoun paske yo refize w vizit. Si vizit se yon pwoblèm, alòs ou ta dwe depoze yon petisyon pou yon òdonans vizit nan yon tribinal famiyal.

E si mwen deplase oswa chanje travay?

Ou dwe mete ajou enfòmasyon w lè ou demenaje oswa chanje travay. Ou ka fè sa lè ou rele liy èd sipò timoun nan 888-208-4485 (TTY 866-875-9975).

E si mwen peye paran ki gadyen legal la dirèkteman?

Si òdonans tribinal ou a deklare ke ou dwe fè peman atravè Inite Koleksyon Sipò a (SCU), pa peye paran ki gen gad legal la dirèkteman. Si ou chwazi pou peye paran ki gadyen legal la dirèkteman, SCU pap kapab ba ou kredi pou peman sa yo. Anplis, tribinal la ka konsidere peman dirèk sa yo tankou yon kado olye de peman sipò pou timoun.



Kisa mwen ta dwe fè si mwen pèdi travay mwen oswa pa ka travay akòz maladi oswa blesi?

Si w eksperimente yon pèt travay oswa enkapasite pou travay, e ou pa kapab fè peman sipò pitit ou, wap bezwen pou depoze yon petisyon modifikasyon nan yon tribinal famiyal pou mande yon chanjman nan kantite lajan ou oblije pou peye. Yo ta dwe depoze petisyon modifikasyon an opli vit ke posib, paske nenpòt rediksyon ap prale nan dat ou te depoze petisyon an.



Kijan ak ki kote mwen ka fè peman m?

Si wap travay, Inite Koleksyon Sipò a (SCU) ap voye yon òdonans pou dediksyon nan revni (IWO) bay travay ou kidonk peman sipò pou timoun nan ap soti otomatikman nan chèk pewòl ou. Ka gen kèk semèn ant lè odyans tribinal ou a ansanm avèk lè travay ou resevwa IWO a epi kòmanse voye peman. Toutfwa, ou dwe voye peman w nan SCU poukont ou pandan tan sa, kidonk ou pa anreta nan peman w. Si ou se yon travayè otonòm, yon kontraktè, ou pap travay, oswa ant de travay, alòs wap bezwen pou voye peman w nan SCU nan adrès ki annaprè a:

New York State Child Support Processing Center

PO Box 15363
Albany, NY 12212-5363

Ekri non, adrès, nimewo kont sipò timoun (yo), non konte ak nimewo sekirite sosyal (SSN) sou tout peman yo.